Ипхуэдэ сом мелуан 1,25-м щIигъу ирегъэтIыжьыным теухуауэ Май районым и прокурорым кьызэригъэувам тету, щIыналъэм и зэзыгъэкIуэ судыр Iуэху 80-м хэплъати, псоми арэзы техъуащ икIи Котляревскэ станицэм и амбулаторэм, аптекэ №51-м, «Альтернатива-КХ» муниципальнэ предприятэм я лэжьакIуэхэм, адрейхэми я улахуэр ирикъуу Iэрагъэхьэжащ. ЩIыхуэхэм псэупIэмкIэ я хуитныгъэхэр хьэмэмри гулъытэхэу хуащI. Абы теухуа иск 96-рэ республикэм и судхэм иратати, зыхэплъа псоми арэзы щытехьащ. Кьащтэмэ, Май районым и прокуратурэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ, уиж кхъахэм кьыщIагъэкIри, нэгъабэ щIыхуибл псэупIэ зэIуэзэщхэм ягъэIэпхъуащ. Ахэр зыщIэса унэм и процент 80-р ныкъуэкъутэу кьатытащ. Ауэ ящыхьэ хуейуэ щытми, муниципальнэ программэм хагъэхьатэкъым. Абы кьыхэкIыу, щIыналъэм и прокуратурэм Май кьалэм и администрацэм зэгъэзэщIу игъэхьэзыра искхэр районым и судым щыдаIыгъащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.

● Банк Iуэхухэр

Хьэблэр зыгъэдахэ ухуэныгъэ

Урысейм и Хьэмап1э банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэ №8631/0102-м и унэщIэр «Искож» хьэблэм гуфIэгъуэ щыгъыкIэм иту кьыщызIуахащ. Абы теухуа зэIуущIэм хэтащ щIыналъэ Iуэхущ1ап1эм и унафэщI Урысый Хьэмидбий, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Кlаесэ Динэ, банкым дэлажьэхэр, хьэблэм щыпсэухэр.

ДАНЭ лентI плъыжьыр зэпаупIа нэужь, хэщIапIэщIэм и тхьэмадэм зэхуэсахэм лэжьапIэ пэшхэр яригъэзэгъащ, я кьалэнхэмрэ я мурадхэмрэ яхутепсэльыхьащ. ЩыхуэхэмIуэхутхьэбзэхэр щызэфIагъэкI банкоматхэр, терминалхэр зэпымыуиу лэжьэнущ, чэзыр электрон Iэмалкlэ зэкlэльагъэкIуэнущ, сабийхэм пIанэпэ щхьэхуэу хухаасащ, яхуэкIуэхэм тыншыпIэ ягъэутынущ, зи Iэпкlльэпкlым сэкъат иIэхэм папщIэ дэкIуеинIэ хэха хащIыхьащ, банк лэжьакIуэм кьызэреджэну кнопкэ хагъэуващ. А псор зыдэлажьэхэм гуапэ зэращыхъунум щэч хэлъкъым.

Урысый Хьэмидбий зэрыжиIамкIэ, Хьэмап1э банкым и хэщIапIэхэр зэрырагъэфIакIуэм я Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым зэрыгъэхуэнущ. Нэхъапэрейр транспорт гъэзгуэхэм, зекIуап1эхэм пэжьыжьэт, зыдэлажьэри щыхухэм я заказ зэрыгъэкIуэнущ. Иджы Iэнатlэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ зыхуей банк Iуэхутхьэбзэхэ псори мыбы щагъэутынущ.

Кlаесэ Динэ кьигъэльэгъуащ кьалэм и социально-экономкэ зыужьыныгъэм Хьэмап1э банкым хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIыр икIи хэщIапIэщIэм и лэжьакIуэхэм я гуфIэгъуэ щыкIэ екъуэхуащ, унэщIэр хьэблэр зыгъэдахэ ухуэныгъэхэм зэращыщыр кьыхигъэщащ.

БАГЪЭТЫР Анзор.

● Iэщ1агъэлIым и чэнджэщ

Мэзыр тхъуэныр псоми ди къалэнщ

Мэзыр - гъащIэщ, дыкъэзыухъуреихь дунейм и гъэтIылъыгъэ уасэншэщ. «Дызэрыбгъуэ жьым и процент 60-м нэблагъэр мэзым щIыпIэм кьрет. КьызэрыуэкI жьитм зы жэщ-махуэм кьеIуф щIыхуищ зрикъунур, а зэманым кьриубыдэу щIыху минитхум кьажьэдэкIыж хьэуар (углекислотар) мэзытэ гектарым зыщIешэ. Илъэсым и кIэуэкIэ мэз гектарым сабэу тонн 50 - 70 егъэкъабзэ. Кьищынэмыщ1ауэ, щIыхуб хозяйствэм и Iэнатlэ псоми мэзым и кьуелнгъэкIэ кьагъэсэбэп.

МЭЗЫМ бий шынагъуэ иIэщ - ар мафIэрщ. Дыкъэзыухъуреихь дунейм щIыхуэхэмрэ зэман кIыхькIэ зэрагъэпэщца, ахъума псори сыхьэт зыбжанэкIэ абы хихьэнкIэ хъунущ. Мэз мафIэсыр икъукIэ шынагъуэщ: зыгъэпсэхуп1э щIыпIэ дахащэхэр Iисраф ещI, кьуалэбзуэхэм абгъуэ хэщIыхьыпIэ ягъуэтыжьыркъым, хьэкIэжхъуэкIэхэр зэбгрокI. МафIэсым хиубыдэхэр, уеблэмэ, жьлагъуэхэр, Iэнатlэхэр хихьэфынущ.

Зэрыналъэщи, мафIэсищIым ящыщу бгъур щIыхуэхэм я Iэужьщ. А къэхъукъащIэ шынагъуэм и нэхъыбэр ямыгъэункIыфIа мафIэм, тутыным, сенычым, удз итыргъуэхэм лыгъэ зэрырадзым кьыхокI. ЩIыхуабэ зэманым зыхаскIэ мащIэми мафIэс кьинэнкIэ хъунущ, псом хуэмыдэу, ар мэзыльэм хуэлъащ.

Зыгъэпсэхугъуэ, щахущIыхьэ махуэхэм, сабийхэр ящIыгъуу, щIыху куэд мэзым макIуэ. МафIэсыр зи зэранкIэ зэхэбгъэкIыну икъукIэ гугъущ, кьыщIпхуэмышIэххи щыIэщ. Сыту жьыпIэмэ, лъэужь гуэри кьимыгъанэу псори хесхьэри. Аращи, мэзым зыщызэгъэпсэхуэмрэ зыпIлъыкIуэхуэмрэ я зэхэщIыкIым куэд елытагъ.

Сабийхэм, псом апэу мэзым пэгъунэгъу жьылагъуэхэм щыщ ныбжьыщIэхэм, мэзым щыджэгуну афIэфIщ. Хунмытми, мафIэ зэщIагъэст. Налшык кьалэм и курыт школхэм ящыщ зым и еджакIуэхэм гъэмахуэ кIуам мэзым мафIэс кьыщагъэхъури, езыхэр щIэпхъуэжащ. Я насыпти, а щIыпIэм пэмыжьыжьэу зыщызыгъэпсэху балигъэм абы гу лъатэри, зимыубгъу щIыкIэ, гугъуехьыщхуэ пIыту, ягъэункIыфIащ. Арами, жьыщIэ тхущIым нэблагъэ хихьащ. Балигъхэр мыхъуамэ, абы кьрикIуэнкIэ хъунущ щытар нэгум кьыщIэгъэхьэгъуейщ.

Мэзым зыщызыгъэпсэхунхэр пхуэубыдынукъым, щIыпаубыдыни щIэкъым. Нэхъыщхьэр сакъыныгъэм и хабзэхэр ягъэзэщIэнырщ. ЩIэуэсыгъэнщIэу мафIэ ирырамыщI. МафIэсхэм я нэхъыбэр абы кьыхокI, псом хуэмыдэу, жьыпщIэ хуэпсыбэхэр щыкуэд, лыгъэр зыльэIэса, пхъэ щыхах, пыупщIахуэхэр щызэтрихьэ щыпIэхэм. Торфыльэхэм, удз итырыгъуэм пэгъунэгъуу мафIэ щыпщI хъунукъым, жьыпхуэ кьыщепщэ зэманым апхуэдэ Iуэху зепхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Пхъэ дакъэжьхэмрэ жыг кьэуахэмрэ шынагъуэщхуэ япытащ.

МафIэ щыщIыпхъэр пшахъуалъэ щыпIэхэрщ е псы, гуэл Iуфэхэрщ. Хуей хуитхэри кьагъэсэбэп хъунущ. ЗэщIагъэнэн и пэ кьихуэу, лыгъэр зыхуэщ псори Iуахьи, нужькIэ мафIэм хуэсакъын, щежьэжкIэ Iэмал имыIэу ягъэункIыфIын хуейщ. Гъунэгъуу псы щымыIэмэ, щIыкIэ быдзэу щIахъымапхъэщ.

МафIэс щIыкIур уи закъуэ пхуэгъэнжькIыфIынущ. Абы щхьэкIэ кьудамэ кьуэпсыбэ Iэрамэ ухуейуэ аращ. Бел яIыгъмэ, кьатIыхьыр, щIыр мафIэ лъабжьэм кIэщIадзэн хуейщ. Лыгъэр зыхуэщIэр мафIэм и кIуап1эм трахкIэрэ, зимыубгъуу кьахуэгъэзывIэнущ. МафIэсыр псы итыпIэм пэгъунэгъумэ, а Iэмалыр кьагъэсэбэпыпхъэщ.

Я кьарукIэ яхуэмыльэункIыфIынумэ, мэз хозяйствэм и лэжьакIуэхэм е мафIэсгъэункIыфIхэм хъыбар иратгъэщIэн хуейщ. Дэтхэнэ зыми и кьалэнщ, зыхуэIэрыхуэ Iэмалхэр кьигъэсэбэпурэ, мэзхэр мафIэсхэм щихъумэну. Нэхъыжьхэмри нэхъыщIэхэми ар зэи зыщагъэгъупщэ хъунукъым.

ШЫГЪУЩэ МуIэед,

УФ-м и МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэ нэхъыщхьэм кIэлъыплъныныгъэ лэжьыгъэмкIэ и Iуэху1ап1эм и Налшык къалэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм, «КъБР-м и щIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэм хиубыдэ Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьыгъэр кьызэзыгъэпэщ комплекс центр» къэрал щэнхабзэ Iуэхущ1ап1эм я лэжьакIуэхэр **Ныр Сандэт Анатолий и пхъум** хуогугъавэ абы и адэ **Зыхьэ Анатолий Мухьтар и къуэр** зэрыпIам кьыхэжьIу.

Къалмыкъ Жылэбий, Сэрахъэ Александр, Щэныбэ Юрэ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Къумыкъу Борис, ЩоджэнцIыкIу Леонид.

Къалмыкъ Юрэ Къэлмыкъ Юрэ

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Ди газетым зэрытетащи, Дунейпсо Адыгэ Хасэм иджыблагъэ зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ щIэрыIуэу, Урысей Федерацэм юстицэмкIэ и министру, ЩIДАА-м и академикыу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ президенту щыта Къэлмыкъ Юрэ къызэралъхуэрэ илъэс 80 зэрырикъум теухуа пшыхьым къарихьэлIащ абы деджа, дэлэжьа, дэгъуэгурыкIуа ди лъэпкъэгъуэр.

КЪАЛМЫКЪ Юрэ ягу кэлыщагъэхьажа, абы и фэеплъыр гъэлъэпIныым екъэлIауэ ящIахэр, дяпэкIэ ящIэн хуейуэ кIыапэщылъхэр щаубзыхуа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Фырэ Руслан**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, щIэныгъэлIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэр къыщыхэIуихым Сэхъурокъуэ Хьэутий жиIащ Къалмыкъ Юрэ хэлъа адыгагъэр, бгъэдэлъа акъылыр зыщымыгъупщэн, абы зэрихуэу щыта Iуэхуэр адэкIэ зыгъэкIуэтэн куэд лъэпкъым къыщIэхъуэну зэригуапэр.

Абы къыхигъэщащ Къалмыкъ Юрэ къызэралъхуэр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгеймии, ди лъахэми Iуэхугъуэ дахэ куэд зэрыщрагъэкIуэкIар, КъБР-м щызэфIахьи хуей Iуэхуэхэм ящыщу къэнахэр мы илъэсым и кIуэцIкIэ ДАХ-м зэфIигъэкIыну зэримурадыр.

Къызэхуэсахэр адэкIэ еплъащ Къалмыкъым и псэукIам, шэрджэс къуажэ цIыкIум кьыдэкIа щIалэм щIэныгъэм щызыIэригъэхьа екъуЛIэныгъэхэм, иужькIэ къэрал политикэм куууэ зэрыхьхьам, и ныбжьегъуэ щытахэм ягу къызэрагъэкIыжхэм теухуа фильм кIэщIым.

Япэу псалъэ иратащ Къалмыкъым деджа юрист, тхакIуэ, тхыдэдэж, публицист **Сэрахъэ Александр**:

- Юрэ теухуауэ куэд схужыIэнущ. Ар сэ нэхъ пасэу сцIыхуащ жысIэмэ, сыщыуэну кьыщIэкIынкъым. 1961 гъэм сэ Саратов сыщеджэу институтым дыщызэрыцIыхуауэ щытащ. Общежитым зэгъуэгу дыщIэсащ сэ сыстуденту, ар егъэджакIуэу, спорт лагерхэм дыщыIащ, унагъуэ дыхъуа нэужьи, дызэкIэлъыкIуэу щытащ.

Юрэ цIыху Iущт жыпIэныр мащIэщ, апхуэдизкIэ акъылышхуэ бгъэдэлът, губзыгъэтэ. Абы кьыдэкIуэуи цIыху гуапэ дыдэт.

Институтыр къэзуха нэужьи дызэкIэлъыкIуащ. Си деж къакIуэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ дахэхэр езгъэлъэгъуат. ИужькIэ, зэпэIэщIэу дыщытми, дызэрыщIэрт, тхылъ итхамэ, къысхуригъэхьу, сэри си Iэдакъэщ IэкIхэр хуезгъэхьу апхуэдэт.

Си жагъуэ хъууэ къыхэзгъэщыну сыхуейт, Юрэ и фэеплъым хуэфэщэн гулытэ ди республикэм зэрыщимыгъуэтыр. Къэрэшей-Шэрджэсым хъарынэу щрагъэкIуэкI абы теухуа зэIущIэхэр, абы и цIэр зезыхьэ уэрамхэр щыIэ хъуащ. Къалмыкъыр илъэс 70 щрикъум кино трахауэ щытащ, абы и лэжьыгъэм, и гъащIэ кIыхьым къырибыдэу куэд и нэгу зэрыщIэкIар, къэрал 62-рэ къызэрызэхихIухьар, лIы щэджащэ куэдым зэрырихьэлIар, ауэ Юрэ хуэдэ щIыху махуэ къэс уэзрыхуэмызэр.

- Юрэ и гугъу щысщIкIэ, абы хуэсщI пщIэм и лъабжьэу япэ дыдэу къызоГъэлъагъуэ, нэгъуэщI лъэпкъым къыльыса гузэвэгъуэр игу темыхуэу, Урысейм щиIыгъа къуалыкъушхэм езыр текIыжауэ зэрыщытар, - жиIащ Джылахъстэн. - Апхуэдизкъым, сэ сыщIэтIысхьэу, езым аспирантурэр кьиухыу, 1962 гъэм зэзгъэщIыхуауэ щытащ Юрэ, - пищащ гукъэкIыжхэм **Къумыкъу Борис**. - Абы и щхьэгъусэ Октябринэ си курсэгъуу еджэрти, экзаменхэм зыхуэдгъэхьэзырми, лжьыгъэ гуэрхэр зэдэтщIэми, а унагъуэм сихьэрейт. Октябринэ институтым щылажьэ гуэрым и щхьэгъусэу зэрыхуэбгъэфэщэн щыIэтэкъым, зыми зыкъригъащIэртэкъым. Юрэ еджэн кьиуха нэужь, армэм ираджащ. Абы кулыкъу ищIэху, дэри университетыр кэдухащ.

Юрэрэ Октябринэрэ я унагъуэм иужькIи куэдрэ сихьащ. Адыгэ щIалэ зыбжанэ дызэдеджэрти, абы дыщызэхуэсурэ махуэшхуэхэр дгъэлъапIэрт, ИлъэсыщIэр къыщидгъэхьэрт. Университетыр къэзуха нэужь, гуапэу сыкъригъэжьожащ Юрэ: «ЩIэныгъэ хъарзынэ зэбгъэгъуэтащи, уи хэкум дахэу кьыщигъэсэбэп», - жиIэри. Сыт хъэдиз псалъэ хужумыIэми, къыпхуэIуэтэнукъым а цIыхум и гуапагъыу щытамрэ губзыгъагъэу бгъэдэлъамрэ. Гугъущ, гузэвэгъуэщ апхуэдэ цIыхушхуэхэр зэрытхэкIыжыр. Ауэ гур игъэкIуэдыркъым мыпхуэдэ зэIущIэхэр республикэ зэхуэмыдэхэм зэрыщызэхашэм, ар зэращымыгъупщэм.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык щыкалэ къудамэм и тхьэмадэ **Ефэнды Джылахъстэн** жиIащ и гъащIэ кIыхьым къырибыдэу куэд и нэгу зэрыщIэкIар, къэрал 62-рэ къызэрызэхихIухьар, лIы щэджащэ куэдым зэрырихьэлIар, ауэ Юрэ хуэдэ цIыху махуэ кьэс уэзрыхуэмызэр.

- Юрэ и гугъу щысщIкIэ, абы хуэсщI пщIэм и лъабжьэу япэ дыдэу къызоГъэлъагъуэ, нэгъуэщI лъэпкъым къыльыса гузэвэгъуэр игу темыхуэу, Урысейм щиIыгъа къуалыкъушхэм езыр текIыжауэ зэрыщытар, - жиIащ Джылахъстэн. - Апхуэдизкъым, сэ сыщIэтIысхьэу, езым аспирантурэр кьиухыу, 1962 гъэм зэзгъэщIыхуауэ щытащ Юрэ, - пищащ гукъэкIыжхэм **Къумыкъу Борис**. - Абы и щхьэгъусэ Октябринэ си курсэгъуу еджэрти, экзаменхэм зыхуэдгъэхьэзырми, лжьыгъэ гуэрхэр зэдэтщIэми, а унагъуэм сихьэрейт. Октябринэ институтым щылажьэ гуэрым и щхьэгъусэу зэрыхуэбгъэфэщэн щыIэтэкъым, зыми зыкъригъащIэртэкъым. Юрэ еджэн кьиуха нэужь, армэм ираджащ. Абы кулыкъу ищIэху, дэри университетыр кэдухащ.

Юрэрэ Октябринэрэ я унагъуэм иужькIи куэдрэ сихьащ. Адыгэ щIалэ зыбжанэ дызэдеджэрти, абы дыщызэхуэсурэ махуэшхуэхэр дгъэлъапIэрт, ИлъэсыщIэр къыщидгъэхьэрт. Университетыр къэзуха нэужь, гуапэу сыкъригъэжьожащ Юрэ: «ЩIэныгъэ хъарзынэ зэбгъэгъуэтащи, уи хэкум дахэу кьыщигъэсэбэп», - жиIэри. Сыт хъэдиз псалъэ хужумыIэми, къыпхуэIуэтэнукъым а цIыхум и гуапагъыу щытамрэ губзыгъагъэу бгъэдэлъамрэ. Гугъущ, гузэвэгъуэщ апхуэдэ цIыхушхуэхэр зэрытхэкIыжыр. Ауэ гур игъэкIуэдыркъым мыпхуэдэ зэIущIэхэр республикэ зэхуэмыдэхэм зэрыщызэхашэм, ар зэращымыгъупщэм.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык щыкалэ къудамэм и тхьэмадэ **Ефэнды Джылахъстэн** жиIащ и гъащIэ кIыхьым къырибыдэу куэд и нэгу зэрыщIэкIар, къэрал 62-рэ къызэрызэхихIухьар, лIы щэджащэ куэдым зэрырихьэлIар, ауэ Юрэ хуэдэ цIыху махуэ кьэс уэзрыхуэмызэр.

- Юрэ и гугъу щысщIкIэ, абы хуэсщI пщIэм и лъабжьэу япэ дыдэу къызоГъэлъагъуэ, нэгъуэщI лъэпкъым къыльыса гузэвэгъуэр игу темыхуэу, Урысейм щиIыгъа къуалыкъушхэм езыр текIыжауэ зэрыщытар, - жиIащ Джылахъстэн. - Апхуэдизкъым, сэ сыщIэтIысхьэу, езым аспирантурэр кьиухыу, 1962 гъэм зэзгъэщIыхуауэ щытащ Юрэ, - пищащ гукъэкIыжхэм **Къумыкъу Борис**. - Абы и щхьэгъусэ Октябринэ си курсэгъуу еджэрти, экзаменхэм зыхуэдгъэхьэзырми, лжьыгъэ гуэрхэр зэдэтщIэми, а унагъуэм сихьэрейт. Октябринэ институтым щылажьэ гуэрым и щхьэгъусэу зэрыхуэбгъэфэщэн щыIэтэкъым, зыми зыкъригъащIэртэкъым. Юрэ еджэн кьиуха нэужь, армэм ираджащ. Абы кулыкъу ищIэху, дэри университетыр кэдухащ.

Юрэрэ Октябринэрэ я унагъуэм иужькIи куэдрэ сихьащ. Адыгэ щIалэ зыбжанэ дызэдеджэрти, абы дыщызэхуэсурэ махуэшхуэхэр дгъэлъапIэрт, ИлъэсыщIэр къыщидгъэхьэрт. Университетыр къэзуха нэужь, гуапэу сыкъригъэжьожащ Юрэ: «ЩIэныгъэ хъарзынэ зэбгъэгъуэтащи, уи хэкум дахэу кьыщигъэсэбэп», - жиIэри. Сыт хъэдиз псалъэ хужумыIэми, къыпхуэIуэтэнукъым а цIыхум и гуапагъыу щытамрэ губзыгъагъэу бгъэдэлъамрэ. Гугъущ, гузэвэгъуэщ апхуэдэ цIыхушхуэхэр зэрытхэкIыжыр. Ауэ гур игъэкIуэдыркъым мыпхуэдэ зэIущIэхэр республикэ зэхуэмыдэхэм зэрыщызэхашэм, ар зэращымыгъупщэм.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык щыкалэ къудамэм и тхьэмадэ **Ефэнды Джылахъстэн** жиIащ и гъащIэ кIыхьым къырибыдэу куэд и нэгу зэрыщIэкIар, къэрал 62-рэ къызэрызэхихIухьар, лIы щэджащэ куэдым зэрырихьэлIар, ауэ Юрэ хуэдэ цIыху махуэ кьэс уэзрыхуэмызэр.

- Юрэ и гугъу щысщIкIэ, абы хуэсщI пщIэм и лъабжьэу япэ дыдэу къызоГъэлъагъуэ, нэгъуэщI лъэпкъым къыльыса гузэвэгъуэр игу темыхуэу, Урысейм щиIыгъа къуалыкъушхэм езыр текIыжауэ зэрыщытар, - жиIащ Джылахъстэн. - Апхуэдизкъым, сэ сыщIэтIысхьэу, езым аспирантурэр кьиухыу, 1962 гъэм зэзгъэщIыхуауэ щытащ Юрэ, - пищащ гукъэкIыжхэм **Къумыкъу Борис**. - Абы и щхьэгъусэ Октябринэ си курсэгъуу еджэрти, экзаменхэм зыхуэдгъэхьэзырми, лжьыгъэ гуэрхэр зэдэтщIэми, а унагъуэм сихьэрейт. Октябринэ институтым щылажьэ гуэрым и щхьэгъусэу зэрыхуэбгъэфэщэн щыIэтэкъым, зыми зыкъригъащIэртэкъым. Юрэ еджэн кьиуха нэужь, армэм ираджащ. Абы кулыкъу ищIэху, дэри университетыр кэдухащ.

Юрэрэ Октябринэрэ я унагъуэм иужькIи куэдрэ сихьащ. Адыгэ щIалэ зыбжанэ дызэдеджэрти, абы дыщызэхуэсурэ махуэшхуэхэр дгъэлъапIэрт, ИлъэсыщIэр къыщидгъэхьэрт. Университет

Къалэнхэм я нэхъыщхьэр

1950 гъэм щегъжьауэ Узышнагъэм и дунейпсо махуэр мэлыжьыхьым и 7-м ягъэлъапІэ. Апхуэдэ махуэ щ1ыхахам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр я узышнагъэм гулыгъэшхуэ хуащ1ын зэрыкуэдр ц1ыхухэм ягурыгъ1уэныр1щ, ар егъэф1эк1уэнымк1э зэф1эхыпхъэхэр убзыхуныр1щ.

УЗЫШНАГЪЭР хьумэныМк1э дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) и жардэмк1э а махуэр ц1ыхухэр зыгъэгумэщ1 Іуэхугъуэшхэхэм траухуэ хабзэщ и к1ы къыхуеджэныгъэ щхьэхуэхэм щ1зту ёокІуэк1. Апхуэдэхэщ, псаПъэм папщ1э, «Пы зытхэр сымаджэ куэдым я д0Іэпыкъу», «Жьджэрагъыр гъащІэ к1ыхьым и гъабжьыщ», «Щ1ыхэгъсым къыхуеджэ зэхъуэк1ныгъэ мышхьэхэм узышнагъэр ящхьэмрэ», нэгъуэщІхэр. Мы гъэм а махуэр хуагъэпсащ гъуд-бадзэ л1эужьыгъуэхэм кърахьэк1 узыфэ зэрыщІалэхэм. Абы зэрызыщыпхъуэныным, къашэ шынагъуэхэр зыхуэдэм теухуа Іуэхугъуэ зэхуэмыдзкэр мы илъэсым ирагъэк1ыныщ.

Щ1ыхухэм я узышнагъэр егъэф1эк1уэным теухуауэ Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр щ1ызэфІах ди республикэм. Апхуэдэу илъэс зыбжанэ нэблагъэуэ Налшык къалэ щ0лажьэ Узышнагъэм и центр. Іуэхущ1апІэр «Узышнагъэ» лъэпкъ проектым хэту к1ыхьэ1уахауэ щ1ытащ. Ар ц1ыхухэр куэдрэ псэуным толажьэ, и къалэн нэхъыщхьэри я узышнагъэм гулытэ нэхъыбэ хуеГъэщ1ыжьынырщ, нэхъ зыхуэсакъыжу егъэсэныр1щ. Абы к1ыщынэмыщ1ауэ, КъБР-м Узышнагъэр хьумэныМк1э и министерствэм республикэм и ц1ыхухэм я узышнагъэр зыхуэхэсу к1ыщыгъэныМк1э нэгъабэ гъандэрэ л3жьыгъэщхуэ ирегъэк1уэк1.

Республикэм узышнагъэр хьумэн и Іэнат1эм щек1уэк1 нэхъ л3жьыгъэщхуэ дыдэхэм ящыщщ псантхуэр узыфэзн1э сымаджэхэм яг1уэт дэІэпыкъугъэр сыт и л1эныкъуэк1и егъэф1эжьуэныр зэтеублэныр. Абы хуэунэт1ауэ ирагъэк1уэк1 л3жьыгъэхэм я гугъу щ1ыпм3. Республикэ клиникэ сымаджэщым хэту псантхуэ узыфэхэм щ1езэз центр к1ыхьэ1уахынущ, абы и къудамэхэр к1ыщ1ызэрагъэпэщынущ Налшык къалэ сымаджэщ №1-мрэ Прохладнэ къалэ сымаджэщымрэ. Аэар зыхуеину Іэмэпсымэхэр медицинэм зэрызэнужьым тещ1ыхьауэ, иджырей мардэхэм хуэк1уэу ф1ащ1ых.

«Щ1ыхухэм я узышнагъэмрэ гъащ1эмрэ хьумэным нэхъри нэхъыщхьэ социальнэ къалэнхэм яхэтк1ым - щ1ыжпІащ1 КъБР-м и Іэтащ1хэм и къалэнхэр п1алъэк1э зыгъэзащІэ К1уэк1уэ Юрий республикэм Узышнагъэр хьумэныМк1и и министерствэм иригъэк1уэк1а эЗуцІэм. Апхуэдэу республикэ унафэщІым к1ыхьигъэщащ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм ф1агъ л1ьагъ яІэу, аэр ц1ыхухэм къагъэсэбэныфу зэрыщ1ытын хуеГр, а Іэнат1эр егъэф1эк1уэным ар зи пщ1э кІыдзхуэ псоми я къаурэ я гуащІэрэ емыблэжу зэрырахьэлІапІхьэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Мэлыжьыхьым и 7-р Узышнагъэм и дунейпсо махуэщ

И лэжьэгъуэхэри сымаджэхэри хуэарэзыуэ

Жырыкъ Артур курыт еджапІэм щІэсу дихьэхащ дохутыр Іэщ1агъэм. Абы ф1эгъэщІэгъуэнт ц1ыху Іэпкъльэпкъым и зэхэльык1эр, абы и лэжьэк1эр. Куэдрэ егупсысырт узыр къызыхэк1ымрэ абы зэрел3эну щ1ык1эр къызэрахутэмрэ.

- КУРЫТ еджапІэм сыщыщІэсым биологие, зоологие предметхэм сыдахьэхырт, - игу къегъэк1ыж Артур. - Сф1эгъэщІэгъуэну зэзгъапщэрт псэущхьэхэмрэ ц1ыхухэмрэ я Іэпкъльэпкъэр. Апхуэдэуи химиеми сыдихьэхырт. Абык1э ди егъэджак1уэм иригъэк1уэк1 къэхутэныгъэхэм набдзэгубдзапльэу сык1эльыплъырт.

Нарткъалэ дэт курыт школ №1-р ехьуІэныгъэхэр и1эу к1ыуха иужь, 1975 гъэм Жырыкъыр Къабэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым щІэтІысхьащ.

- Докутыр Іэщ1агъэр гугъуш, мыбдеж л3жьыгъэм зыщыщІебгъэхыныр Іэмал зимыІэщ, - жеІэ Артур. - Дэтхэнэ зы дакъикъэри зэхуэдэу л3апІэщ докутырши сымаджэми я дежк1э. Набдзэгубдзапльэу щ1ытын хуейщ докутырыр. Абы щыгъуэщ абы гузыр и чэзум къыщ1ихутэфынур и к1и сымаджэр нэхъ псынщІэу щ1ыгъэхъужьфынур.

Артур иджыри ещанэ курсым щІэсу хирургием дихьэхащ. Ар сымаджэщым жэщ пльыру щ1ы1эт, апхуэдэуи псынщІэрылажьэ хирург бригадэм ядэІэпык1ыурт. А псом къадэк1уэуи, 4-нэ, 5-нэ курсхэм щеджэу Налшык дэт къалэ сымаджэщым операцэ щащІ и къудамэм медбрату щ1ылэжьащ. Апхуэдэу абы госпитальнэ хирургием к1ефедрэм и дежь субординатурэм и илъэс курсыр къыщ1ухащ, абдежми зэман к1эщым къ1рибудэу ординатурэм и Іэзагъэм щ1ымигъэхъуащ. 2005 гъэм ар медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Жырыкъыр Налшык дэт къалэ сымаджэщ №1-м и хирургие къудамэм 1995 гъэ л1ьандэрэ щолажьэ. Къ1ищынэмыщІауэ, ар КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм Госпитальнэ хирургием к1э и кафедрэм и доцентщ.

- Докутыр Іэщ1агъэр гурэ псэк1э къ1ыхьумыхамэ, урилэжьэф1ынукъым, - къыдогуашэ и гупсысэхэмк1э Артур. - Іэщ1агъэр сыт хуэдэу гугъуу щымытми, абы удихьэхмэ, къэпт1ехьэлъэныжьыкъым.

Абы к1ыхьэгъэр гурэ псэк1э къ1ыхьумыхамэ, урилэжьэф1ынукъым, - къыдогуашэ и гупсысэхэмк1э Артур. - Іэщ1агъэр сыт хуэдэу гугъуу щымытми, абы удихьэхмэ, къэпт1ехьэлъэныжьыкъым.

Абы к1ыхьэрилъытмк1э, псом япэу, докутырыр зыхуэщ1экъупсыр сымаджэм и псэм тельъ гузэвэгъуэр зэрыщхьэщ1ихыныр1щ. Артур сымаджэм хуиІэ бгъэдыхьэк1эр щ1ыпльагъуй, ар си щхьэк1э зг3ун3хуащ1, щ3ч к1ыт1ем3мыхьэу схужы1энущ абы психологиеми ф1ыуэ зэрыхущ1ык1ыр.

Сымаджэм жиІэм гупсэхуу йодаІуэри, узыр зыхуэдэр псынщІэу къехутэ абы. Адэк1э к1ыхьл1ыхь зримыгъэщІу и хущхьэгъэгъуэ ирехьэнэ К1ъохъу щ1ыхум и узыр хэт1эсауэ, ар «къахуегъэлынкъахуемыгъэлын» жаІэу сымаджэщым щынашэси. Апхуэдэхэм дежи Жырыкъыр къ3мыдзыхэу, сымаджэр зэрыт щытык1э хьэлъэм куэдрэ к1ришащ. ЗэрыжаІэмк1э, Жырыкъым хуэмыарэзы сымаджэжьем къаэхк1ыркъым, апхуэдэу дэтхэнэми бгъэдыхьэк1э тэмэм къахуегъэзтыфри.

Гу къабзэу, хьэлэлу и лэжьыгъэм зэрыпэрытырщ ар зыхэт гупми къ1ыщІалъытэр, псалъэ гуапэ куэд щ1ыхужаІэр.

- Артур дэтхэнэ сымаджэри и зэхуэдэщ. Абы ахэр зэхигъэк1ыркъым к1ылей-к1ылейсыск1и, зыщ1ыщ л1ьапкъ1и, яІыгъ динк1и. И къару псори зрилъэлІэр узым игъэдзыхам гуk1ыдэж зэрыритыжьырщ. Гуапэу к1ыпт3хтщ ар и лэжьэгъуэкми. Нэхъыжьми нэхъыщІэми зэрадек1уэк1ыну хабзэрэ нэмысрэ хэлъщ, - жеІэ анестезиолог Атабиевэ Айшат.

- Жырыкъым л3жьыгъэм ирилъэдыхьэк1эр сэ щапхъэ схуэхьу, - к1ыхьхьэ псалъэмакъым хирург Кушбокъуэ Залымхан. - Лэжьыгъэ и л1ьэныкъуэк1э Артур еш ищІэркъым, сымаджэм и Іуэхумк1э арэзы мыхъуауэ езыми гупсэхуГъуэ игъуэтынукъым. Апхуэдэу ар дэІэпык1ъуэгъуэхуэ яхуохъу докутыр ныбжьыщІэхэм. Гъэмахуэм хэгъуэзэнымк1э чэнджэщхэр ярет, Іэнат1эм и щ3хуэхэм хегъэгъуазэ.

Унагъуэ дахи и щ1ыбагъ къыдэтщ Артур. Абы и щхьэгъусэ Валентинэ илъэс 20-м щІигъуауэ медицинэм хэтщ: ар Налшык къалэ сымаджэщым медсестра нэхъыжьу щолажьэ. Я щІалэ Маратрэ япхъу Алинэрэ школ-лак1уэу, Т1ури ф1ы дыдэу йоджэ, адэ-анэм я щапхъэр я гъуазэу къыдок1уэтэй.

ПЩЫХЬЭЩІЭ Хьэмзэт.

Иджырей мардэхэм къитІасэу

Республикэм и къуажэ нэхъ пхыдзахэм ящыщ зым - Балъкъэр Ипщэ жылэм - щ1ыпсэухэм я узышнагъэр къащ1ыгъэ мы махуэхэм. КъБР-м Узышнагъэр хьумэныМк1э и министерствэм и Медико-чэнджэщ диагностика центрым и лэжьак1уэхэм а Іуэху щхьэпэр зэф1агъэк1 ц1ыхухэм я щытык1эр къащапщытэ пэшхэр зыхэт машинэр къагъэсэбэпк1эрэ.

ДОХУТЫРХЭМ къызэрыкъагъэщымк1э, къуажэдэхэм ф1ы дыдэу къагурое1уэ я узышнагъэр къэпщытэным и1э мыхьэнэр, ауэ куэдым зэман къахудэгъэк1ыркъым районым сымаджэщым нэсу а Іуэхум и ужь ихьэну, абы къыхэк1ыуи жылэм къэк1уа Іэщ1агъэм1хэр жыдэжру зрагъэпл1. Балъкъэр Ипщэ жылэм дэсхэм жаІэ зэман к1эщ1ым к1ырубыдэу апхуэдэу я узышнагъэр къапщытэну зэи къахуимыхуауэ. Махуит1ым къриубыдэу дохутырхэр епл1ащ ц1ыхуи 150-м щІигъум.

Іэнат1эм зегъэужьыныМк1э республикэ программэм хэту нэгъабэ къащэхуауэ щытащ ц1ыхухэм я щытык1эр къыщащ1ыгъэ пэшхэр зыхэт машинэр, республикэм и къуажэ нахъ пхыдзахэм щ1ыпсэухэм я узышнагъэм к1эльыплъын папщІэ.

Иджырей медицинэ техникэхэмк1э къызэгъэпэща, узыфэ зэхуэмыдэхэр къыщахутэ пэшу тху хэтщ машинэм. Ар къызэрызэгъэпэщам Іэмал къ1ет къэхутэныгъэ зэхуэмыдэхэр абы щебгъэк1уэк1ыну, къищынэмыщ1ауэ, абы хэтщ УЗИ, флюорограф, рентген, офтальмологие Іэмэпсымэхэр зыщІэт пэшхэр. Ц1ыхухэм я узышнагъэм к1эльэпльэ зыпрыт І3нат1эм ф1ыуэ хэзыщІык1, Медико-чэнджэщ диагностикэ центрым и І3щІагъэдІхэр.

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыпсэухэм ящыщу ц1ыху 150.000-м я узышнагъэр къапщ1тэнущ. І3щІагъэдІхэм зэрыжаІэмк1э, куэдрэ къохъу ц1ыхухэм лыпх, фошыгъу диабет узыфэхэр зэраІэр къамыщІэу щек1уэк1, ахэр нэхъ пасэу къэпхутэмэ, я І3ззгъуэми мыхьэнэ и1энущ. Нэхъыбэу къуажэдэсхэрщ узым къ1ыхьт3эзыхьми, досутыр1ми а дежь мык1уэу ар хэзыгъэт1асэр. Иджы диагностикэ центрым дэтхэнэ къуажэ пхыдзами и ц1ыхухэм медицинэ дэІэпык1ъуныгъэ щратыфынущ я жылэхэм к1уэурэ.

ЩОМАХУЭ Лилэ.

Жылэдэсхэр зыщыгуф1ык1а ухуэныгъэ

Къуажэхэм зегъэужьыныМк1э щы1э федеральнэ программэм ипкъ иткІэ, Лэскэн районым хы-хьэ Ташлы-Тала жылэм фельдшер-акушер пунктыщІэ къыщыз3Іуахащ.

І3НАТ1ЭР тэмэму къызэрызэмыгъэпэщам къыхэкІыу, а І3зхущІапІэм и лэжьак1уэхэри абы къек1уапІэ ц1ыхухэри илъэс куэдк1э гугъу ехьащ. Абы къыхэзІыну къуажэдэсхэр зэраІэр къамыщІэу щек1уэк1, ахэр нэхъ пасэу къэпхутэмэ, я І3ззгъуэми мыхьэнэ и1энущ. Нэхъыбэу къуажэдэсхэрщ узым къ1ыхьт3эзыхьми, досутыр1ми а дежь мык1уэу ар хэзыгъэт1асэр. Иджы диагностикэ центрым дэтхэнэ къуажэ пхыдзами и ц1ыхухэм медицинэ дэІэпык1ъуныгъэ щратыфынущ я жылэхэм к1уэурэ.

ЩОМАХУЭ Лилэ.

Псори зэхэту ухуэныгъэм текІуэдащ сом мелуани 4,5-рэ.

ГУІЭТЫЖ Залинэ.

• Дэ къытхуатх

И псалъэри хущхъуэщ

Хьэф1ыщІэ Мухьэмэд зи тхьэмадэ «Адыгэ псалъэ» газетым и гуп зэкъуэтым, абы и щІэджыкІакІуэхэм сэлам гуапэ фыдох. Адыгэм и Іуэхур сыт щыгъуи дэкІыу, ипэкІэ кІуатэрэ ефІакІуэ зэпыту куэдрэ Тхьэм дыкъыззэдигъэгъуэгурыкІуэ.

ДЭ, КЪАРМЭХЬЭЛІЭ къуажэм щ1ыпсэу зэщхьэгъусэхэу Чыржынхэ Мухьэмэдрэ Лизэрэ, «Адыгэ псалъэр» къэдгъэсэбэпу ф1ыщІэшхэу хуэтщІыну дыхуейт бзыльхъугъэ щ1ыпкъэ, щ1ыху нэс зыхужаІэхэм ящыщ Шауш Мадинэ Хьэсэн и пхъум. Ар Республикэ сымаджэщым и терапие къудамэм и дохутыр-пульмонологщ. Адыгэ щ1ыхубзым и бзэр апхуэдизк1э Іэф1щ, дахэщ, гупсэхугъуэ къует. Абы сымаджэхэр зэригъэхъужьр хущхъуэ къедийк1эжьым, атІэ псалъэк1и йоІэзэф. Зыз3трИыгъ3уэ, щ1ык1афІэу, Іущадбэрэ Іэпэщабэу дэтхэнэми бгъэдыхьэк1э щхьэхуэ къыхуегъуэтыф. Зи Іэщ1агъэм хуэпэж, нэмысрэ хабзэрэ зыхэлъ дохутыр Іэзэ Шауш Мадинэ хуэдэхэр ди льэпкъым куэду къхэзк1ыныр насыпышхуэщ.

Мадинэ, укъэзылъхуахэм, уи нэхъыжьхэм я жьауэм ущІэту, уи унагъуэ насыпыр изрэ уи мурадхэр кхохъулІэу, узышнагъэрэ гуфІэгъуэмрэ уи куэду гъащІэм гу щ1ыпхуэмэ ди гуапэщ. Дэри хьыбарыфІк1э, Іуэху дахэк1э Тхьэм дызэригъэхьэлІэ.

Апхуэдэщ Хьэщэ Анфисэ и Іуэху зехьэкІэр

Анфисэ и сабийгъуэм щ1ыщІэдзауэ дохутыр Іэщ1агъэм щІэхъуэпсырт. Школыр къиухри, ныбжьыщІэр, куэд щІауэ и гум ильу дохутыр Іэщ1агъэр зригъэгъуэтыну, Налшык еджапІэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьащ. Анфисэ щ1ытхуа Зеикъуэ къуажэм къ1ыгъ3эжащ еджапІэ нэужьым ик1и абы дэт сымаджэщым псантхуэ узыфэм щеІэзэ и къудамэм лэжьэн щ1ыщІидзащ.

ЗЭМАНЫФІ дэкІащ абы л1ьандэрэ, Хьэщэр ц1ыху І3джэми е1э3ащ, куэди игъэхъужащ. Зи І3щІагъэм хуэпэж, ф1ыуэ хэзыщ1ыкІ Анфисэ ц1ыху гуапэщ, гущІэгъу хэлъщ, сымаджэхэм щабэу йопсалъэ, я узышнагъэр зэрызэф1эувэжьнур я ф1эщ ещІ. Е3ым хуэдэу гуапэу ц1ыхухэм яхущ1ыт и лэжьэгъуэхэр: ахэр ГъукІэлІ Мадинэ, Къаскъул Лерэ, Мэрщэнкъул Анетэ, Къущхьэ Маринэ сымэщ.

Зи гугъу тщІы ц1ыхубзыр щ1ылажьэ сымаджэщыр сытк1и зэпэщу къабзэлъабзэщ, зи узышнагъэм е1э3эжьм ирахьэлІэ хущхъуэхэр пщІэнпэщ, къэуат зыщІэлъ ерыскъыкІэ щ3ягъашэ. К1эщІу жьыПэмэ, сымаджэхэр псомкІи ар2эщ. Сымаджэщ пщІантІэм жьыгъэр куэду дэтщ, тетІысхьэпІэхэр дахэу лащ, зыщІыпІи ф1ей щ1ыпл1агъуныкъым, дэнэкІи щхьэхуантІагъэщ, хьэуар иуцІэпІу машинэ кІуэ щ1ызекІуэрк1ым. Мыбы я узышнагъэр щ1ызэф1Іагъэувэж, щотынщ, зыщагъэпсэху.

Сымаджэхэм я закъуэкъым Анфисэ зыхуэгуапэр. Ар зыхэс унагъуэми апхуэдэущ зэрахущ1ытыр. «Сымаджэ сыхъуамэ, хущхъуэфІэк1 ящ1ыгъуэтри къызехьэлІэ, нэхъыф1 сымыхъужауэ сщхьащ1ыкІыркъым. Алыхьышхуэм ф1ыгъуэу щ1ыпэ къ1ыхущІэ Анфисэ зыгъэса и анэ Хьэщэ Нинэ. Си нысэр унэм къ1ызэрихьэрэ и псалъэ жагъуэ зэхэсхакъым, сыткІи сыхуэзарэзыщ», - жеІэ и гуащэ Къумыкъу Зулифэт.

Анфисэ унагъуэ дахэу мэпсэу. Ар щхьэгъусэ гуапэщ, анэ гумащІэщ, нысэ Іэщабэ-Іущабэщ. И щхьэгъусэ Мухьэмэдрэ езырмрэ зэгурыІуэрэ-зэдэІуэжу, нэмыс я унагъуэм ильу зэдопсэу. Абыхэм щ1алиц зэдапІри, т1ур университетым ф1ы дыдэу щоджэхэр, ещанэ щ1ык1ур школак1уэщ.

Мы си тхыгъэ мащІэм и к1эухыу Анфисэ сехъуэхъуну сыхуейщ и Іэщ1агъэ мытынышм, ауэ пщІэ зи1эм и хъер ильагъуу, игъэхъужакэр кхъехъэхъуэрэ ф1ыгъуэу кхъыхужаІэр кхьутыс1у куэдрэ ц1ыхухэм яхуэлэжьэну, насыпыф1эу, узышнэу гъащІэ к1ыхь к1ыгъэщІэну.

ДЖЭДГЪЭФ Тамарэ.

Зеикъуэ къуажэ.

Узышнагъэм и дунейпсо махуэм и 7-р ящыщ Налшык къалэ дэт Медицинэ чэнджэщ-диагностикэ центрым. Сыт хуэдизрэ мыбы и лэжьакІуэхэм захуэзмыгъэзами, арэзы сыкъыщІу си Іуэху сухуагъэк1.

МЕДИЦИНЭ Іуэхущ1апІэ куэдым хуэмыдэу, мыбы дэнэкІи щ1ыпл1агъур к1аб3агъэщ, къищ1ынэмыщ1ауэ, к1ыпхуащ1эну Іуэхутхьэбзэхэм, узыхуеину дохутырхэр къызэрыбгъуэтынум, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми теухуа хъыбарыр зэхэхауэ щ1ыхьэпІэм дежь къыщыбощІэ. Аэар псори и щ1ыхьэтщ мы Іуэхущ1апІэм и лэжьыгъэр тэмэму зэрызэтеублам, абы и къызэрэпэщащ1ауэхэм зыпэрыт І3нат1эм мыхьэнэшхуэ зэрыратым.

Иужьрейуэ а Іуэхущ1апІэм сыщ1ыкІуам сэ зэзгъэпл1ащ дохутырхэу гастроэнтеролог КІуэк1уэ Марьянэрэ эхокардиолог Щ1эрдан Инал1эрэ. Абыхэм си узышнагъэр къапщ1ыгъри, къызэрызэІэзэну щ1ык1эр псалъ-щІэу зэхагъэк1ащ. А дохутырхэм схуатха хущхъуэхэр къызэ1ухьэлІащ медсестра Ульбашевэ Іэминат. Бзылъхугъэ ц1ык1уэхэм я Іуэху бгъэдыхьэк1эм н3Іуэ пщ1ещ1 абыхэм зыпэрыт Іэщ1агъэр я гум дыхьэу къызэрахар.

Щ1ы1эныгъэ яхэлъу, гуапэу яхущ1ыт и деж къак1уэ дэтхэнэ зым. Ц1ыхухэр я хьэлк1э зэхуэдэкъым, псом хуэмыдэу узым къ1ыхьгъэзыхьыр тэмакък1эщІ мэхъу. Апхуэдэхэми бгъэдыхьэк1э къ1ыхуагъэтыфрэ, дэтхэнэри арэзы ящІыфу я І3нат1эм пэрытщ К1уэк1уэ Марьянэрэ Щ1эрдан Инал1эрэ.

Дохутырым къ1ыхьэлІэ хущхъуэм хуэдэуи мыхьэнэшхуэ и1эщ сымаджэм ф3щ1ыхьныгъэ хилъхьэжьыни. Ар къагурыІуэу Марьянэ Инал1эрэ тэмакък1эщІ мэхъу. Апхуэдэхэми щІэу, псалъэ дахэхэмк1э я гукъыдэжьр кІыхуаІэтыжу я бгъэдэтщ. Ц1ыху гумащІэхэщ, щабэхэщ, гущІэгъу зыхэлъхэщ, я щ1эныгъэк1и я Іэщ1агъэк1и ядэбгъэн щ1ымы1эу дохутырхэм н3схэщ. Зыгъэса адэ-анэхэм яхуэфэщащ, я пщІэмрэ я нэмысмрэ хэхъуэу Тхьэм игъэпсэу.

К1УАЩІ Хьэутий.

МэлхьэпІатІэхэм защ1ыфхъумэ!

Мэлхьэпі атІэхэм узыф3 зэрыщІалэ куэд кърах1эк1. Абы къыщхуихьынк1э хьуну узыф3 шынагъуэхэм ящ1ыщ ц1ыхум и псантхуэр (нервыр) зэтезыкъутэ мэлхьэпІатІэ (клещевой) энцефалитыр, геморрагическэ лихорадкэр, боррелиозыр, нэгъуэщІхэри. 2013 гъэм республикэм и сымаджэщхэм, поликлиникэхэм ащхуэдэ хьэпІащІэхэр зэпэжьа ц1ыху 4388-рэ ек1уэлІащ, абы щ1ыщу 155-р сабийщ.

МЭЛХЬЭПІАТІЭР къодэхьа н3уэжь, псом нэхъыр нэхъыф1ыр занщІэу дохутырым ук1уэнырщ, ауэ апхуэдэ І3мал щ1ыщ1ымы1и к1ухьэу. Абы к1ыхьэ1ыу мыхьэнэшхуэ и1эщ ар къодэхьа иужь пщІэн хуейм ущ1ыгъэзэным. Зэрыхьэк1э нэхъ псынщІэу мэлхьэпІатІэр І3пкъльэпкъым к1ыгъэрыхьэпхьыжьыну хуущІэкъун хуейщ, уз зэрыщІалэр къезыхьэк1 вирусхэр л1ым нэмыс щІ1ык1э.

Мэлхьэпі атІэр пинцетк1э к1ыхьэпІыжьыну тыншщ. Ар усакъыуэр пинцетымк1э къ1ыбощтэ, къытепІэтыкІыуэр къ1ыбогъэк1эрэхъуэк1, и л1ьакъуи и щхьи къ1ыгъэрэмынэным уелІалІэуэрэ. Къащ1тэмэ, зэ-т1эу ф1эк1а къ1ыумыгъэк1эрэхъуэк1ауэ, мэлхьэпІатІэр зэрыщ1ыту І3пкъльэпкъым къ1ыхьбохьжьыф. Ауэ ар зэуэ къ1ыхэпчыну укъеІэмэ, шынагъуэ щ1ы1эщ хэпІ1ыт1ыхьынк1э. Пинцет умыгъуэтмэ, І3уданэри къэбгъэсэбэп хьунущ. И бжьакъуэм нэхъ и гъунэгъуу І3уданэр щ1ызэрыбдзэри, къытепІэтыкІыуэр къ1ыхьобхьж.

Ар І3пкъльэпкъым къ1ущхэпхьжкІэ, ик1уэк1э ухуэсакъын хуейщ - уи щІыфэм хьыпІ1ытІыхь хъунукъым. Абы и І3упсым хэлъу ц1ыхум и л1ым хихьэ инфекцэм узыфэ шынагъуэ куэд къ1ыгъэхьеинк1э хъунущ. Мэлхьэпі атІэр зэрыщ1ыту къ1ыхэпчыжами, абы нужьк1э І3мал имы1эу дохутырым зыхуэфІэгъ3эн хуейщ.

Ф3 е3ым къ1ыхэфхьыжьа мэлхьэпІатІэр банк1ым ифІ1ъхьи, КъБР-м гигиенэмрэ эпидемиологиемрэ я центрым ф3ы, абы и з3хэлъык1э лабораторэм къ1ущхуэгэн папщІэ (Налшык, Байсултановым и цІэр зезыхьэ уэрам, 33). Апхуэдэ І3мал фимы1эмэ, хьэпІащІэр вгъэс.

Дауэ мэлхьэпІатІэм зырызыщ1пхъумэнур?

- Хадэм фыщ1ихьэк1э, м3зым фыщ1ык1уэк1э фи І3пкъльэпкъыр псори щІэзыхъумэ щ1ыгъын н3хэтхьэхуК1э зыфхуапэмэ н3хъыфІщ - мэлхьэпІатІэр щ1ыгъын хужьым занщІэу к1ыгтещ1нущ;

- ЩыІэ щхьэрыфтІагъэ е І3ялъэщІ з3тефлъхьэ, абы щ1ыгъуэми фи щхьэцыр псори абы щІеГъэубыдэ;

- Удзым фыщемыт1ысэх ик1и зыщ1ымыгъэк1урий, абы щ1ыгъэ мэлхьэпІатІэр щ1ыгъын л1ьабжьэм к1уэнымк1э шынагъуэ щ1ы1эщ;

- Мэлхьэпі атІэр І3ызыгъэщ1эхьэпшпхэр зэгъэсэбэп;

- ЩІ3э-щІэхьыуэр фи щ1ыгъынхэр зэпэфІп1ыхь;

- Унагъуэ псэущхьэхэм мэлхьэпІатІэр унэм къ1рахьэнк1э шынагъуэ щ1ы1эщи, абыхэм я к1абзагъэм фыкІэлъ1ыпл1ъ.

Фызыхуэсакъыжмэ, фэри фи І3ыхьлъхэри мэлхьэпІатІэм к1ыщэну шынагъуэ псоми зыщ1ыфхъумэфынущ.

МЫРЗЭКЪАН Каринэ,

УФ-я ЦІыхухэм я хуитыныгъэмрэ зэпэщ1ыныгъэмрэ к1эльыплъыныМк1э и федеральнэ І3уэхущІапІэм и къудамэу КъБР-м щ1ы1эм и І3щІагъэлІ-эксперт.

Налшык къалэ дэт „Псей щхъуантІэ" санаторэм ц1ыхухэм я узышнагъэр ирагъэф1эк1уэжьынымк1э І3уэхутхьэбзэ куэд щ1ыхущІэ. Апхуэдэу „Спелеоклиматическая камера" жьхуаІэ пэшым нэхъыбэу к1уэр зи тхьэмбылыр узэкрыт. Къапщтэмэ, щ1ы1э узыр І3пкъльэпкъым къ1ыхэшынымк1э ар сэбэпышхуэ яхэлъ.

Сурэтэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ПащэК1уэц1ыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

● Фэ фщIэрэ?

Псальэхэм я мыхьэнэр

Гъуэрыгъуэ мэкъуауэ. Щыхухэм я зэхущытыкIэм, лэжьыгъэм ехьэлIауэ адыгэхэм хабзэу эзрахьэу щытащ. Япэм щыгъуэ жьыпэм дэс жьыкIэфэкIэхэм, щIыхухьу балигъ зэрымыс унагъуэхэм я мэкъур щIыхьэху щIэпсэ хупаупщIу икIи кIыхуапщэжу щытащ. Апхуэдэ унагъуэхэр зыбжанэ хьумэ, пхъэидзэ ящIырти, япэу зи мэкъупIэм хыхьэнур ягъэнахуэрт. Зы махуэм зы унагъуэм, кIыкIэтыыкIуэм адрейм и мэкъур паупщIырт. Апхуэдэу щIащIыр дэтхэнэ унагъуэми мэкъу пасн нэхъ кIаси я Iэрыхьэн щхьэкIэт. Армыхъумэ, пхъэидзэкIэ зи кIэн кIыкIа япэ гуупым я мэкъупIэхэр кIуапэщIыху удыр гъуэжь хьужу кIууат зыщIэмыльтыжыр адрейхэм я тыысынкIэ хьунут. Апхуэдэ зэдэIэпыкъуклэм псори зэхуэдэ ищIырт, лэжьыгъэри зэуэ зэдэуха хьурт. А зэдэлэжькIэм «Гъуэрыгъуэ мэкъуауэкIэ» еджэу щытащ.

Гъубжэдэх. Мэкъумэш лэжьыгъэм епха хабзэщ. Мэшыр къэхыжьан зэраухэм ирашIэкI гуфIэгъуэщ гъубжэдэхыр. Япэм мэшыр зэрыпаупщIу щытар гъубжэкIэщ. А лэжьыгъэр зэфIэкIа нэужь, гъубжэхэр я дамащхэм тельу лэжьакIуэхэр пщIантIэм къыдыхьэжырт. Абыхэм япежьэрт унэгуащэр, шхынрэ зэфэнрэ иЫгъыу. Ар яритырти, къэкIуэжахэм я пщэм дэль гъубжэхэр къыдихырт. Абы нужьыкIэ Iэнэм пэрытIысхьэрти хъуахъуэхэрт. А гуфIэгъуэм «ГъубжэдэкIэ» едэхэрт.

ГъукIэхуэлажьэ. Лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэм епха хабзэщ. Къуажэр зыкъэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэригъэпэщу гъэми щIыми кIыщым щIэт гъукIэм езы жьлэдэсхэми Iуэхутхьэбзэ гуэрхэр хуащIэжьрт. Псальэм папщIэ, абы и щIы Iыхьэр хуавэрт, жьлэр хутрасэрт; гъавэр хъуамэ, хуIуахьжьырт, и мэлыр къыхуащIырт, н.къ. Апхуэдэ Iуэхутхьэбзэу гъукIэм хуащIэхэм «ГъукIэхуэлажьэкIэ» едэкэрт. Мыпхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм лъэныкъуитIми я сэбэп хэлът: и Iэнатlэр къиутаныэ гъукIэр куэдрэ губгъуэм ихьэн хуей хъуртэкъым, абы и Iуэхутхьэбзэ хуэныкъуэ цIыхухэми ар и лъэщапIэм къыщагъуэтырт.

Гъунэгъу Iыкъэ. Унагъуэм хьэщIэ къыхуэкIуауэ хьэщIэныш хуаукIамэ, тхы Iупщ1э, зы блэгъур, щхъэ щIэлъэныкъуэ сэмэгур ягъавэрти, ищIэрэ ищхъэрэкIэ къыщыс я гъунэгъухэм хуарагъэхьырт. ЩIхьэ щIэлъэныкъуэр зыхуарагъэхьыр лIыжь нэхъыжь зэрыс унагъуэрт. Хабзэр иджыри кIуэдыжакъым.

ДУМЭН Хьэсэн.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Къэбэрдей зауэлI. *Сурэтыр* **Iэдэмрэ Гроссрэ** *ящIащ. 1762 гъэ*

Адыгэпщ. *Сурэтыр* **Iэдэмрэ Гроссрэ** *ящIащ. 1762 гъэ*

● Хъыбар кIэщI

ХьэтIалэ

Ди хьэблэм дэсащ гъукIэ Iэзэ гуэр, ХьэтIалэкIэ едэжу. «ГъущIым пса къыпитIыкIэми яреIщ» хужаIэу Iэзэт ар. Колхоз гъукIэу арати, имыщI щыIэтэкъым, гуи, пхъэIэщи, кьитхъи, адрей бел, хьэмфIанэ жьхуаIэхэм я гугъу умыщIыххэ. Япэу къуажэм урыс шыгу щызыщIар арат. ЗытрищIыкIар Бахъсэн къалэ щилъэгъуа «урыс бричко» жьхуаIэрат.

Зы махуэ гуэрым ХьэтIалэ лъащэу кIыщым щIэту, бригадирыр щIохьэри и фIэщу йопщI:

- Уа, ХьэтIалэ, мафIэгу кьежьауэ жаIэри, пхуэмыщIыну пIэрэ? - жеIэри.

- МафIэгу жыпIа? - ХьэтIалэ фIэгъэщIэгъэну, лэжьыгъэр зэпегъэури, бригадирым кьопIть:

- Ар мафIэкIэ зекIуэу арагъэнщ, пэшхьэку тету.

- Аращ-тIэ, щымафIэгукIэ. Апхуэдэ зы диIамэ, дыунат. Шыи выи хэмыту дывэнт, дысэнт.

- Уэлэхьи, ар телъыджэм. Дэнэ апхуэдэ щыплъагъуар?

- КIыалэкIыхьым дэту жаIэ, къижьихьу.

- КIуауэ еплъын хуэйщ, - жеIэ ХьэтIалэ.

- КIуэ-тIэ, сэ шы уэстынщ.

Арати, пэхущым шууэ йожьэ ХьэтIалэ, КIалэкIыхьым кIуэну. Къульшыкъуэм деж ар станцым нос. Плъэмэ, елъагъу Iугъуэ фIыцIэ щхьэщыту, фийуэ къытельадэ мафIэгур.

- Алоуэхь, мыр сыту ин, сыту кIыхь, - игъэщIагъуэу йопльри щытщ абы ХьэтIалэ, шым къемышсыхыу. - Уэлэхьи, уи адэр къэшщамэ, пхуэмыщIын, ХьэтIалэ ар уэ, - зыжреIэжри, къожьэж.

Колхоз пщIантIэм къыщыдыхьэжым, бригадиру кьопножьэ, шым иригъэпсыхри къоупщI:

- ПхуэщIыну укъигъэгугъэр? - жеIэри.

ХьэтIалэ хуейтэкъым и зэфIэкIыр игъэльэхьышэнуи:

- Уэлэхьи, гъущI куэдыIуэ ихьынущ ахъумэ, зыгуэр есщIэнтэмэ, - жеIэри и кIыцым щIохьэж.

ШЫГЪУШЭ Алий.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

КIупIинэ

Мы ерыскъыгъуэр сабий хэм ирагъэшхыу щытащ. КIупIинэм и хупIинэр нартыху хьэлIамэм ейм ещхьыркъабзэу япщ. ИтIанэ я Iэр псы щIыIэм хащIэурэ топ щIыкIум хуэдизурэ Iыхьэ-Iыхьэурэ ягуэш, я хьэльагъыр г 80 - 100 хъуурэ.

ДжэдыкIэр ФIыуэ ятхьэщI, ар хупIынэ Iыхьэ ягуэшам къыхэмыщу кIуэцIалъхьэ, я Iэр псым хащIэри, джэдыкIэ зыкIуэцIылъ хупIынэр джафэ ящI, IэпапIэ темылъу. Ар шыгъу зыхэдза псы къэкъуалъэм халъхьэри хьэзыр хъуху, дакъикъэ 12 - 13-кIэ, ягъавэ. КIупIинэ вар псыщхьэм къыдредзеиж. ЧымчыркIэ къыхахыж, псы щIыIэ щIагъэжри тепщэчым иралъхьэ.

КIупIинэр щашхынум и деж хупIынэ вар и кIыхьыпIэмкIэ сэкIэ зэгуагъэж, джэдыкIафэм емыIусэу. ТIууэ зэгуагъэжа кIупIинэм джэдыкIэ вар кърах, яукъэбо, тIууэ зэгуауфIщIыкIыжри джэдыкIэр зэрыльа хупIынэм иралъхьэж. Шыгъу трагъэщащэри хуабэу яшх, шатэ и гъусэу. ЩIыIэу пшхымэ джэщщхьэбж ещI жаIэ.

Халъхьэхэр (цIыхуитIыхьэ): нартыхум къыхэщIыкIа тхъэву - г 200, джэдыкIэ цIынэу - г 2, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхьжащ.

● Гушыlэ

Псэууэ сыкъыIэрелам папщIэ

Быыпымым мэкъу ириту Хьуэжэ Iуэм итт. Асыхьэтым жьыжьэу фочауэ макъ къыщыIуащ.

А махуэм Хьуэжэ и пыIэр фызым ижьыщIри, игъэгъуцIыжыну бяхьыхьипэм фIидзауэ фIэтьти, шэ цIыкIар абы къытехуэри пыIэ купсэр пхихащ. Ар щитъагъум, Хьуэжэ псынщIэу унэм щIэлъэдэжри и цIхьэгъусэм жриIащ:

- Фызабэу укъэнэным зы тIэкIунитIэщ иIэжар, псэууэ сыкъыIэрынам цхьэкIэ пспынщIэу тхьэпэIу сухуэщIыкI

- Ана-а, сыт мыгъуэр къэухьэ? - жиIэри и нэр нэпсым къызэпижьыхьауэ фызыр къыпелэщащ.

Ар щIыбым къыщIиприи, шэм пхиха и пыIэ купсэр Хьуэжэ абы иригъэлъэгъуащ:

- Асыхьэтым мы пыIэр сэ сщхьэрыгъауэ щытатэмэ, шэм си щхьэр фIихатэкъэ? - жиIэри.

КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.

● Прозэу тха усэхэр

«Еплъ Къызбрун»

А тIур унагъуэу зэрыпIысрэ итъэс ирикъуагъэкъым. Зауэ мыгъуэжьыр къэхъеIри...

И упщIэ пыIэр къыщIэри цIыхухьур дэкIащ бийм пэувыну...

ЩIыдэкIым, нысащIэм къыхунгъэщащ:

- Унту сыкъыхьэ хьумэ, Къызбрун еплъ, Къызбрун си фэеплъщ.

Я унэр Къызбрун и дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэмкIэ бгы лъапэ дыдэм кIэщIэтт.

Мазих докI.

ЦIыхухьур хъыбарыншэщ.

Ауэ къуэ хъыхуатъхуащ.

«Къызбрун еплъ...»

Итъэс дэкIащ, хъыбар зэрыщымыIэщ; зауэр нэхъри зэщIопльэ.

ЦIыхухьум хуэдэу зэщIэкъуэауэ, фызыжь нэхъей, гъабжьатьабжэу хуэпащу, и бын еплъ нысащIэм, есым и къалэнри, лIым и къалэнри зэдихьу...

Зауэр еух, ауэ цIыхухьур хъыбарыншэщ.

«Къызбрун еплъ...»

ЖэмкIэ щыIэ зэманти, нысащIэр мэлажь, ибг щIэкъуэауэ, белкIэ колхозыщIыр игIу, фIанэр игъэтIылъмэ, шэмэдж къищтэу; махуэ псор губгъуэм щитъакIуэу, хьэпIамэсыр езым ирифрэ хьэпIамэр и сабийм къыхихьу, махуэм колхоз хьэсэр зэрихьэрэ жащIэрэ и унэ хадэр зыхуей хуигъаззу.

КЪЭЖЭР Хьэмид.

Насыпыншэу къызыфIэщI насыпыфIэ

● Жыlэгъуэхэр

♦ЛIыпIэ иувам лъэтеувэ кьилэжьащ.
♦ПхуэфIэмыкIынум зыкIэрымыщIэныр лIыгъэщ.
♦Хэт сыткIэ къыбдэIэпыкъуфми, лIыгъэ зыми къыпхилъхьэфыркъым.
♦Еплъмэ плъыжь хъууэ къашар, зэпплъыр уфIыцIу хъуащ.
♦ЛIы гуащIэр фыз лантIэм еIуантIэ.
♦Унагъуэм тхьэмадэр и щхьэщ, унэгуащэр - и псэщ.
♦Гугъэуурэ унэхъуа жьыпIэм, мыгугъэхъэу уна жьпIэн, унэхъуа и гугъэурэ унауэ къыщIидзыжа жьыпIэн - гъащIэр Iэджэу зэподжэж.
♦Зэман зимыIэм и насщ - и зэманыгъэщ.
♦ЛъэпэрэпаитI зэхуэзэмэ, я насыпым къегъэзэж.
♦Насыпым ебакъуэ щыIэщи, кьебэкъуэж къэхъуэркъым: къожьэу щыскъым.
♦Насыпыншагъэми зэ мыхъуми зэ кIэ гуэр егъуэт.
♦Насыпыншэу къызыфIэщI насыпыфIэ, насыпыфIэу зигугъэж насыпыншэ.
♦Насыпрэ щхьэгъусэрэ: утеунэнкIи утеунэхъуэнкIи хъунущ.
♦Узыхуейм уи Iэр техуа нэужь, узыхущIэкъуар арауэ къыщIыхъужьыркъым.
♦Ущынасыпыфlэ дакъикъэм дунейр пхурикъуркъым, насыпыншагъэ къыплъысмэ, утехуэркъым.
♦Гъым дыщэ нэпс къыщIэкIыу нэпсейм и тхьэкIумэм къицырхъэтэмэ, и нэпIащхьитIыр цIипэу къыщIымыхъуу хилъхьэнт.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● ЩIэджыкIакIуэм и усэ

Си лъагъунытъэ

Си пщащэ дахэм сигъэщIа гугъэм
Щигъэзэгъэжькъым мы си гур си бгъэм,
Къысфlолъэтыкlри, ещхьу къуршыбгъэм,
Уафэгум йохьэ, хуэпабгъэу дыгъэм.

Ущыслъэгъуащи мы гъащIэм фIыщэу,
Къысхуилъагъужькъым нэм нэгъуэщI пащэ.
НэгъуэщI насыпи си псэр хуэмей -
Уи дежщ щилъагъури абы пщэдейр.

И пIалъэр къэсмэ, уэ ущIэсшэну,
Согъэхьэзырыр дахэу лэгъунэр.
Къыпгъэщылъ гъащIэм и насыпыхьу,
Тхуатхынущ уэрэ сэрэ нэчыхьыр.

ЗэдетхьэкIынкъэ тхуиуха гъащIэр,
ЗэдэтщIыфауэ насып тIуащIэ.
Дыздытетынкъэ дунейм зэгъусэу,
Итлъхьауэ тIуми ди псэр зы чысэ.

КIЭБЫШЭ Заур.
Лашынкъей къуажэ

Псальэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Къэбэрдей-Балкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Шэджыкъэщ1э ... . **4.** Уэрэджыакlуэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балкъэрым щIыхь зиI э и артист ... Юрэ. **7.** Зиучхэм лъэпкъ. **8.** Ахъшэ гъэтIылъыпIэ. **9.** Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **10.** Хадзэжьыр Iиграф зыщI дзыгъуэшхуэ. **11.** Дунейр щыуаем деж жыгыщхьэхэм, унащхьэхэм трещIэ. **13.** Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ. **14.** Гъэш. **15.** Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу. **16.** Шэщ. **17.** Адыгэ Iуэрыlуатэм къыхэщыж цIыхубэ пелуан е Акъсыр Залымхъан и пьесэ. **19.** Быи. **22.** Мыщэ и кIуэ ... **23.** ЩIакъуэ ..., е хъыерыI ..., е хъарбыз ... . **27.** Хьжьыщыкъым щыщ. **29.** ... пэт мэхъуапсэ. **31.** Лым тришIэ пшэрыпIэ. **32.** КъыщIэущIэ псоми, ... зырыз яфIищурэ, Мэлычыпхъу цIыкIур зыми яхуджкIуэртэкъым. **33.** Зил къыщIэмыуэым уи ... хуумыIуатэ. **34.** Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **35.** « ... Мурат» - Къарджгъущ1 Зырамыкуи, Кlыныкь Хьэждали, нэгъуэщIхэми ягъэзащIэ адыгэ уэрэджьж. **36.** Ираф адыгэ шхыныгъуэ . **38.** Iэнсльэнс. **39.** Мэжкуи Налшыки я ... нэхъыщхьэхэм нобоми зэрахьэ Лениным и цIэр. **40.** «Iанэ цIыкIу» ... пэнсхэр нсынэ щIыIэм ныфIыхоткIу» - ЩIоджэнцIыкIу Алий и «Къамботро Iацэрэ» романым щыщ. **41.** ТебэшщIагъым. **42.** Адыгэр нэхъыбэу дунейм дыкъыхэрыщащцIыхуу щытар а цIэмкIэщ.

Къехьлыу: **1.** Ди дзэм бийр ... ящIащ. **2.** ХэрщэрынкIэ ирикъуа нэужь, ... и унэ бжэн лъакъуэу зэбгрыкIыжащ щIалэхэр. **3.** Губгъуэм, мэзым къыщыкI нхъэщхьэмыщхьэ. **5.** Джэд ... и щIыхьэгъущ. **6.** Ди губгъуэхэм, унагъуэ хадзэм, мэхэм, ванIэхэм узыщрихьэлIэ пэуэцхъэ кIэ кIыхь цIыкIу. **12.** Колхозым Iэщ ... зыбжанэ иIащ. **13.** Мывэ блын задэу дажIуей бгы. **17.** Iэщ1кIэ, къарукIэ лажьэм и Iэгум тришIэ хабзащ. **18.** Кlуагъум из хуащIати ... жиIащ. **20.** ... псы кIэрыщIэрэ? **21.** Кlуалэбзу. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **24.** Совет Союзым и ЛIыхъужь Яхэгуауэ Михаил, литературэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэу Кlъарджгъущ1 Зырамыку, Акъсыр Залымхъан, Мысачэ Петр, Бозий Людин, Бозэ Мурат, Мысостышхуэ Пщызэбий, Щ1эбэтыкъуэ Натбий, Шэрыlужь Анатолэ, Балкъыз Валерэ, Кlъарджи Борис, Бекъащ1ы Ахьмэд, Урым Руслан, Тхъэщыгъуей Жанкэ, еджагъэшхуэхэу Хьурей Феликс, Жэрыкъуэ Борис, Щ1ыхьмырэ Мухьэмэд сымэ я къуажэ. **25.** Хуабэу екIуэжьыуэр дунейр зэуэ ... къэхъуащ. **26.** Нарт Лыхъужь. **28.** Iу кIуэм ... къыкIэреуд. **30.** Пщэдейрей ныбгъуэ нэхырэ - нобэрей ... . **36.** Пхъэр щыхэгъуэдкIэ, быдэмэ, ар къыгъэсбон. **37.** КlъарIэным щыщ пычыгъуэ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Гъатхэнэм и 27-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:
ЕкIуэкIыу: **3.** Анэ. **7.** ХьэщапIэ. **8.** Ныбжьэгъу. **9.** Аму. **11.** Кlэфий. **12.** Даниэл. **13.** Борон. **15.** Заур. **17.** Гуращэу. **18.** Ибо. **19.** Щыщ. **20.** Пь. **21.** Набжэ. **23.** Ес. **26.** Гуадэ. **27.** Шэрдэж. **28.** Кlуагъэ. **31.** Хьэ. **33.** Кlэсыж. **36** - Кlэ. **37.** Кlыуо. **38.** Афэ. **39.** Гъэужь. **41.** Кlыды. **42.** Гъэшлъэ. **43.** Лэдэх. **45.** НатIэгу. **46.** Кlуэнэ. **47.** Джэгуакlуэ. **49.** Псыкlуий. **51.** Ету.
Къехьлыу: **1.** Хъыи. **2.** Пщlий. **4.** Жумарт. **5.** Выщ. **6.** Кlхъужь. **7.** ХьэкIэхих. **9.** Гъадэгъуаеэ. **13.** Бжэн. **14.** Нащэ. **16.** Рим. **17.** Гущэ. **22.** Борис. **24.** Бды. **25.** Игъуэ. **29.** Тхъэгъэлэдж. **30.** Кlэмыргуей. **32.** Аслъжь. **33.** Кlэбгъу. **34.** Жагъуэ. **35.** Хьжь. **40.** ГупхэIут. **44.** ХакIуэ. **45.** Ныеэ. **48.** Гуэлу. **50.** Кlум.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэфыцlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Кlъардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэзэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхущхьэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэгущIэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм иэу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту яхэтщ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Нэщlэныджэ Замирэ, корректорхэу Щоджэн Инэ, Щоджэн Заирэ, ПхытIыкI Аэзмэт, Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Ныр Саидэ, Мэлбахуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.687 ● Заказ №641